# How to Use CamStudio

राम राम दोस्त लोगीन! CDEEP IIT Bombay के तरफ से हम राउर स्वागत करतानी. इ अभ्यासिका रउआ के एक-एक करके camstudio से अवगत कराइ. जब video औरी बोली के एके साथे देखावल जाला, तब सीखल ज्यादा प्रभावी होखेला. ऑडियो विडियो के परिचय से ढेर स्पष्टता औरी सफाई आवेला. Cam studio स्क्रीन के रिकॉर्ड करे वाला एगो computer पर आधारीत तरीका हटे, जवन Computer पर लउके वाला चीज के रिकॉर्ड करेला, आ बाद में ओकर के देखे के मौका देला. एकर मतलब इ भईल रउआ Camstudio के उपयोग हई सब काम में कर सकीना-

- नया software के लक्षण बतावे में,
- ऑडियो विडियो के अभ्यासिका बनावे में,
- प्रयोग करेवाला के सीखावते समय के विडियो बनावे में,
- कौनो काम करे के तरीका बतावे में,
- avi फाइल के swf फाइल में बदले में, औरी ढेर सारा काम में.

इ कम जानल-पहचानल छोटा सा software के अपार फायदा बाटे, Camstudio के उपयोग Microsoft- 95, 98, Me, NT, 4.0, 2000, औरी XP version के साथ कईल जा सकेला, एकरा के install करे खाती, बस 400 MHz के processor, 64 MB के RAM, औरी 4 MB के computer मेमोरी चाही.

CamStudio एगो खुला श्रोत हटे, औरी बिना पैसा के download कईल जा सकेला. एकरा खाती रउआ www.camstudio.org के साईट पर जाइ, पेज के नीचे करी, औरी Download करे वाला लिंकपर mouse दबा दिही. निर्देश पालन करी, औरी राउर Computer पर, CamStudio Download हो जाइ.

जैसही, रउआ CamStudio install कर लेनी, ओकरा के चलावे खाती, ओकर icon पर दू बार mouse दबाइ. एकरा से CamStudio के dialogue-box खुल जाइ, रउआ ओकर मेन सूचि दाहिने तरफ विंडोके ऊपर देख सकीना, फाइल के अन्दर Record, stop, pause, औरी Exit विकल्प लउकी. रउआ इ सब बटन dialogue-box में भी देख सकीना, लाल बटन Record करे खाती, भूअर बटन रोके खाती, औरी बुलु बटन रिकॉर्ड बंद करे खाती बाटे, सलाह के तौर पर, रिकॉर्ड करे से पहीले लउके वाला एरिया के सेट कर लीही. Region के अन्दर 3 गो विकल्प बाटे. अगर रउआ Region के चुन लेहेम, आ Record पर mouse दबा देहेम, त रउआ आपन स्क्रीन पर एगो चरखुट

एरिया खीच सकीना, जेकरा अन्दर के चीज record होइ. अगर रउआ Fixed region पर mouse दबाएम  तब, रउआ आवे वाला एरिया के पिक्सेल में Set कर सकीना. अगर रउआ Full Screen चुनेम, त पूरा स्क्रीन लउकी.
ऑटो पैन के शुरू करे वाला चीज खाली CamStudio में ही मिलेला. अगर रउआ इ विकल्प चुनेम, तब आवे वाला एरिया राउर Mouse के cursor के पीछे-पीछे जाइ. जहाँ जहाँ उ recording के दौरान रउआ mouse के ले जाएम. एकरा से स्क्रीन पर सबसे ज्यादा सक्रीय एरिया के रिकॉर्ड करे में मदद मिली. एइजा Panning के गती भी सेट कइल जा सकेला. Option के नीचे रउआ विडियो Option देख सकीना, जहवा Compressor लउकी, एकरा से विडियो फाइल के आकार छोट होला. अपना आप से कंप्यूटर, compressor के  Microsoft video 1 पर सेट रखेला.
लेकिन रउआ कौनो औरी compressor चाहे codec चुन सकीना, जवन dropdown सूची में बाटे. चाहे रउआ Internet से आपन जरूरत के हिसाब से codec डाउनलोड भी कर सकीना. विडियो विकल्प के सेट्टिंग से रउआ आपन विडियो रेकॉर्डिंग फाइल के आकार, गुण औरी Frame-Set चुने के अनूकुल बना सकीना. बटन frame आवे वाला एरिया के frame, चलावे के Frame, fit करके खाती, पहीले auto-adjust बटन के दबा दीही. अब रउआ इ सब के अपना जरूरत के हिसाब से सेट कर सकीना. अभ्यासिका के रिकॉर्ड करे खाती, हम key-frame 5 सेट करके, MS 1 के कंप्यूटर के तरह उपयोग कइले बानी. हम एकर गुण 50 तक कम कइले बानी. ढेर अइसही कोशिश कर-कर के हम इ फाइल-आकार औरी गुण के बहुत उपयुक्त पइले बानी. Curser विकल्प के सेट करे से, जहा कंप्यूटर पर काम होता, ओइजा ध्यान खीचल जाला, जेकरा  से रेकोर्डिंग वाला एरिया पर ध्यान जाइ. Options में Curser options पर mouse  दबाइ. एकरा में रउआ पास curser  देखावे चाहे लुकावे के विकल्प बाटे. अपना आप से देखावे वाला विकल्प चुनल बा. एइजा 3 गो choice बाटे, असली curser, अपना- आप से  बनावल curser, Dropdown बक्सा से रउआ चुन सकीना, चाहे रउआ curser के अपना कंप्यूटर में रहेवाला फोल्डर से भी डाल सकीना. आगे रउआ curser के आस-पास के एरिया के अच्छा से देख सकीना. रउआ एकर आकार, आकृति, औरी रंग के सेट कर सकीना. OK पर mouse दबा दीही, रउआ आपन curser पर कौनो बदलाव ना लउकी. लेकिन रिकॉर्ड कइल विडियो में अइसन बदलाव, curser पर रही. एकर प्रदर्शन एक बार हम करतानी.

अपना आप CamStudio आवाज़ रिकॉर्ड ना करेला. रउआ इ विकल्प चुन के आवाज़ एगो माइक से रिकॉर्ड कर सकीना. जवन कि ऑडियो-विडियो अभ्यासिका के प्रभावी बनावे वाला एगो

शक्तिशाली तरीका ह. रउआ एगो sound-card के साथ लगावल माइक के जरूरत इ सब विकल्प खाती पड़ी. हइ विकल्प चुन के रउआ आपन कंप्यूटर से जुडल स्पीकर से भी आवाज़ रिकॉर्ड कर सकीना. औरी भी विकल्प जैसे कि program विकल्प जेकरा में हइ उप-विकल्प बाटे. इ सब के प्रयोग रउआ CamStudio के बर्ताव बदले में कर सकीना, जैसे कब रेकॉर्डिंग चालू होइ, कब बंद होइ. आदर्श रूप से रेकॉर्डिंग करते समय, प्रोग्राम minimize करे के विकल्प पर टीक कर देही, एकरा से CamStudio, System Tray के पास, छोटा होके चल जाइ. जवन स्क्रीन पर दहीना हाथ के नीचे कोना में देख सकीना. अभी रउआ दू गो CamStudio के icon देख सकीना. काहे कि हम खुद इ अभ्यासिका CamStudio के उपयोग करके बनइले बानी. Record to Flash विकल्प में भी अन्य विकल्प बा. Key-Board के Short-cut से रउआ record शुरू करल, रोकल औरी बदन करे वाला Hot-Key सेट कर सकीना. एकरा में से कौनो विकल्प चुनल जा सकेला.

हम आशा करतानी कि, हम रउआ के Camstudio पर काम शुरू करे खाती काफी जानकारी दे दिहनी. एकर उपयोग अपना खुद से audio-video अभ्यासिका औरी online देखके सीखे वाला module बनाइ. एक बार रउआ एकर मूलभूत जानकारी पर नियंत्रण कर लेहेम त, रउआ एकर उच्च लक्षण पर अगला संस्करण भी देखल चाह सकीना. तब ताख खातीर, हम प्रकाश, CDEEP IIT Bombay, कि तरफ से राम-राम कहतानी. देखे खाती शुक्रिया.